–nutqning kimgadir (yoki kimlargadir qaratilgan bo‘lishi;

–nutqning ta’sirli bo‘lishi;

Ta’lim mazmunida har bir til birligi ko‘rsatilar ekan, unga doir bilim, ko‘nikma va malakalar nazarda tutiladi, lekin ko‘rsatilmaydi. Masalan, qoidalar ham til birligini o‘rgatish mazmunida o‘z ifodasini topadi.

Qoidalar murakkablik darajasiga ko‘ra har xil bo‘lishi mumkin.

Chunonchi:

1) grammatik tahlilni talab etmaydigan oddiy qoidalar;

2) biror usulni qo‘llash tavsiya etiladigan qoidalar;

3) bir necha xil grammatik tahlilni talab etadigan qoidalar (masalan, -ga qo‘shimchasi haqida) [4].

Bularga ayrim qoidalar imlosida o‘xshashlik mavjud bo‘lgan til birliklari (masalan, yo‘g‘on bo‘g‘inga yo‘g‘on qo‘shimcha qo‘shiladigan til birliklari) uchun bitta (ya’ni bir xil) bo‘lishini qo‘shish lozim.

**Xulosa.** Xullas, boshlang‘ich sinf ona tili va o‘qish savodxonligi fanidan o‘quvchilarning lingvistik kompetensiyalarini shakllantirishga qaratilgan ta’lim mazmunini tanlash va belgilashda o‘rganish zaruriyati mavjud deb ajratilgan til birliklari, matniy, kommunikativ, kompetensiyaviy bilimlar maksimumidan kelib chiqiladi.

**Adabiyotlar**

1. Юдина Т.В. Обоснование структуры лингвистической компетенции как компонента коммуникативной компетенции студента языкового вуза. // Педагогика. Вопросы теории и практики. 2021. Том 6. Выпуск 4. – С. 629-636.

2. Черепанова Л.В. Формирование лингвистической компетенции школьников в основной общеобразовательной школе. (Теоретические основы): Патореф. дисс. … доктора пед. Наук. – Москва: 2005. – С. 13-14.

3. Баранов М.Т., Ипполитова Н.А., Ладыженская Т.А., Львов М.Р. Под ред Баранова М.Т., Методика преподавания русского языка в школе: Учебник для студ. высш. учеб. Заведений. – Москва: «Академия», 2001.

4. Кенжаева М.А. 5-6-синф ўқувчиларида лингвистик компетенцияни шакллантириш методикаси. пед. фан.фалсафа док. (PhD) диссертацияси. – Тошкент: 2021. 26-147-б.

5. Плотникова С.В., Шуритенкова В.А., Теория и технология начального языкового образования. Учебное пособие для студентов Института педагогики и психологии детства. Урал.гос. пед. ун-т. – Екатеринбург: 2014.

**REZYUME.** Maqola boshlang‘ich sinf ona tili darslarida lingvistik kompetensiyaga doir ta’lim mazmuni va strukturasini takomillashtirishga yo‘naltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена совершенствованию содержания и структуры обучения лингвистической компетенции на уроках родного языка в начальных классах.

**SUMMARY.** This article focuses on improving the content and structure of linguistic competence education in primary school native language lessons.

## ҲӘЗИРГИ ЗАМАН БИЛИМЛЕНДИРИЎИНДЕГИ СҮЎРЕТЛЕЎ ӨНЕРИНИҢ РОЛИ

**Т.В.Уразимова –** *көркем өнер таныў илимлери кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** замонавий таълим, педагогика, тасвирий санъат.

**Ключевые слова:** современное образование, педагогика, изобразительное искусство.

**Key words:** modern education, pedagogy, fine arts.

**Кирисиў.** Заманагөй билим бериўде сүўретлеў өнери үлкен әҳмийетке ийе болып, ол инсанның ҳәр тәреплеме раўажланыўына, пикирлеў, дөретиўшилик ҳәм мәдениятты қәлиплестириўге хызмет етеди. Сүўретлеў өнериниң билим бериўдеги әҳмийетли тәреплери: дөретиўшилик пикирлеў ҳәм қыял етиўди раўажландырыў, сын көзқарастан пикирлеўди қәлиплестириў, руўхый жақтан раўажландырыў ҳәм өзин-өзи көрсетиў, социалластырыў ҳәм қарым-қатнас, эстетикалық талғам ҳәм гөззаллық сезимин раўажландырыў. Соның ушын да ҳәзирги жәмийетте сүўретлеў өнериниң заманагөй билимлендириў системасындағы орнына итибар күшейди. Адамның инсанлық сыпаты, оның руўхый ҳәм әдеп-икрамлылық келбети, биринши гезекте, тәрбия ҳәм билимлендириў процесинде қәлиплеседи. Бул жерде, инсанның дүньяға көзқарасының, ақыл-ойының ҳәм дөретиўшилик мүмкиншилик потенциясының раўажланыўының жеделлестирилиўине жәрдем беретуғын сүўретлеў өнериниң де роли аз болмайды. Билимлендириў процесиниң ҳәзирги заман басқышында өмирдиң ҳәр түрли тараўларында диалогқа, бирге ислесиўге ҳәм жолдаслыққа таяр, дөретиўши инсанды тәрбиялаў ушын жағдайларды жаратыў айрықша әҳмийетли мәселе болып табылады.

Жоқарыда қысқаша айтып өтилген анықламалардан келип шығып, көркемлик тәрбия инсанның эстетикалық ҳәм дөретиўшилик раўажланыўындағы ең зәрүрли қурам бөлеклердиң бири болып табылады деп жуўмақ шығарыўға болады. Көркемлик тәрбияның мәселелери, эстетикалық тәрбия ўазыйпаларына қарағанда тарлаў екенлиги гүмансыз: тәрбияланыўшыларда көркем өнерге сүйиспеншиликти, қызығыўшылықты ҳәм көркем өнерге мүтәжликти қәлиплестириў, көркемлик тәрбия ҳәм сүўретлеў уқыплылығы көнликпелерин, көркемлик сезимлерин, қызығыўшылықларын, талғамын, көркем шығармаларды баҳалай алыў уқыплылықларын раўажландырыў. Көркемлик тәрбия инсанның жоқары мәдениятын қәлиплестириў, оны жәмийеттиң пүткил раўажланыўы дәўиринде адам тәрепинен топланған көркемлик қунлылықлардың барлық байлықларына тартыў мақсетлерине хызмет етеди.

**Тийкарғы бөлим.** Сүўретлеў өнериниң улыўма билим бериў системасындағы орнын изертлеў методологиясы теориялық ҳәм әмелий тәреплерди өз ишине алады. Ол сүўретлеў өнерин оқытыўға ҳәр түрли қатнасларды, оның билим бериў процесиндеги орнын, инсанның қәлиплесиўы ҳәм дөретиўшилик қәбилетин раўажландырыўдағы орнын үйрениўди нәзерде тутади.

Бул жерде изертлеўдиң тийкарғы бағдарларын атап өтиўимиз мүмкин: теориялық жантасыўлар (философиялық ҳәм эстетикалық тәреплери, психологиялық ҳәм педагогикалық тәреплери); әмелий тәреплери (сүўретлеў өнерин оқытыў методлары, сүўретлеў өнериниң инсан раўажланыўындағы орны, сүўретлеў өнериниң социалластырыўға тәсири, билим бериў процесинде сүўретлеў өнериниң түрлеринен пайдаланыў, сүўретлеў өнерин оқытыўда заманагөй технологиялардан пайдаланыў. Бунда тиккелей изертлеўде теориялық ҳәм эмпирикалық изертлеў усылларынан пайдаланылады.

Бул жерде сүўретлеў өнерин үйрениўдиң улыўма билим бериў системасындағы әҳмийетин атап өтиў зәрүр: оқытыўдың ең нәтийжели метод ҳәм усылларын анықлаў; сүўретлеў өнерин оқыў бағдарламасына киргизиў зәрүрлигин тийкарлаў; сүўретлеў өнерин оқытыў сапасын асырыў; оқыўшыларда көркем өнердиң инсан ҳәм жәмийет турмысында тутқан орны ҳаққында бир пүтин түсиникти қәлиплестириў; инсанның дөретиўшилик потенциалын раўажландырыў. Солай етип, сүўретлеў өнериниң улыўма билим бериў системасындағы орнын изертлеў методологиясы көркем өнердиң инсанның қәлиплесиўине, оқыўшылардың дөретиўшилик қәбилетлерин раўажландырыўға тәсириниң түрли тәреплерин үйрениўге бағдарланған теориялық таллаў ҳәм эмпирикалық изертлеўлерди өз ишине алған комплексли қатнасты өз ишине алады.

Көркемлик тәрбия инсанның ҳәр тәреплеме раўажланыўы системасының ең әҳмийетли элементлериниң бири. Көркемлик тәрбия түсинигин қарап шыға отырып, биз улыўма алғанда, оның гөззаллық тараўындағы сезимлердиң қәлиплестирилиўи процеси екенлигин түсинемиз. Бул мәнисте көркемлик тәрбияның мазмуны, онда көркем өнердеги ҳәм өмирдеги гөззаллықты толық баҳалы қабыл етиў ҳәм дурыс түсиниў уқыплылықларды қәлиплестириўге, эстетикалық түсиниклердиң, қызығыўшылықлардың, талғамның ҳәм идеаллардың қәлиплестирилиўине, ҳәм сондай-ақ көркем өнер тараўындағы дөретиўшилик зейинлиликлердиң ҳәм талантлардың раўажландырылыўына қаратылған, жекке инсанның ҳәр түрли көркем-эстетикалық искерлигин шөлкемлестириўден ибарат.

Көркемлик тәрбия көркем өнер жәрдеминде әмелге асырылатуғынлығы себепли, оның мазмуны оқыўшыларды көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлери ҳәм жанрларына – әдебиятқа, саз өнерине, сүўретлеў өнерине – тартыўды ҳәм үйретиўди өз ишине алыўы тийис. Көркемлик тәрбияның әҳмийетли тәрепи, сондай-ақ өмирдеги, тәбияттағы, адамның руўхый, әдеп-икрамлылық келбетиндеги ҳәм минез-қулқындағы гөззаллықты таныў болып табылады.

Көркемлик тәрбияның әҳмийети аз болмаған тәрепи оның жекке адамның инсанлық раўажланыўына қаратылғанлығы болып табылады. Бул, раўажланыўдың қандай тәреплерин ол өз ишине алыўы тийис? Биринши гезекте инсанда көркем өнер тараўындағы, жәмийеттиң көркемлик қунлылықларын түсиниўдеги умтылыўшылықларды қәлиплестириў зәрүр.

Көркемлик тәрбияның әҳмийетли қураўшысы, көркем өнерди түсиниў ҳәм ҳақыйқатлықты көркемлик сәўлелендириў мәселелери бойынша өзиниң пикирлерин билдире алыў уқыплылығы менен байланыслы билимлерди ийелеў болып табылады. Инсанда усы ҳақыйқатлықты көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлеринде ҳәм жанрларында сәўлелендириўдиң өзине тән айрықшалықлары ҳаққындағы көз алдына келтириўлердиң ҳәм түсиниклердиң қәлиплестирилиўи, көркем өнердиң мазмунын ҳәм әдеп-икрамлылық-эстетикалық бағдарланыўын таллаў уқыплылығының жетистирилиўи усының менен байланыслы.

Көркемлик тәрбияның мазмунында жасларда гөззаллықты қабыл етиў ҳәм бастан кешириў менен байланыслы болған көркемлик қызығыўшылықты, талғамлы қәлиплестириў үлкен орын ийелейди. Ҳақыйқый көркем өнер шығармасының гөззаллығын ҳәм үнлеслигин сезиўди, көркемлик талапшаңлықты көрсетиўди, минез-қулық мәдениятын көтериўге умтылыўшылықты үйретиў керек.

Және де, көркемлик тәрбия көркем өнердиң пухаралық негизлерин ашып көрсетиўге ҳәм мәнисине жетип түсиниўге ҳәмде жәмийетлик көз қараслардың ҳәм исенимлердиң, сондай-ақ әдеп-икрамлылықтың қәлилестирилиўине жәрдем бериўге қаратылған болыўы тийис.

Солай екен: 1. Көркемлик тәрбия белгили тәртипте, мақсетли пайда болатуғын ҳәм сүўретлеў өнери менен қатнаста көркемликке мүтәжлик талапты, көркемлик қызығыўшылықты, талғамды қәлиплестириў процесслерин өз ишине алатуғын, көркемлик өзлестириўдиң қурамалы, көп қырлы процесс болып табылады. 2. Көркемлик тәрбияның нәтийжеси, оны көркемлик билимлиликтиң бирлиги тийкарында пайда болған психологиялық билим сыпатында белгилеп анықлаўға болатуғын көркем тәрбиялылық болып есапланады. Көркем тәрбиялылықтың белгилериниң бар екенлиги көркем өнерди өзлестириў тараўындағы билимлердиң, уқыплылықлардың ҳәм көнликпелердиң қәлиплескенлигинен, көркемлик қызығыўшығының, талғамының, пикирлериниң, баҳалаўларының раўажланғанлығынан, көринип турған көркем өнер менен қатнаста болыўға умтылыўшылығынан, өз күши менен көркем дөретиўшиликке уқыплылығының бар болыўынан ибарат болады.

Бизиң заманымыз – мағлыўматлы технологиялар заманы – өзиниң күш қуўатын жәмийеттиң ийгилиги ушын жумсайтуғын, үйренишикли үлги бойынша ойламайтуғын, дөретиўши адамларды талап етеди. Сонлықтан, ҳәзирги заман билимлендириўиниң тийкарғы мәселеси дөретиўши, ғәрезсиз, еркин инсанды тәрбиялаў болып табылады, себеби атап айтқанда дөретиўши адам адамзаттың алға илгерилеп өсиўин белгилейди.

Сүўретлеў өнерине оқытыўдың мақсетлерине ҳәм ўазыйпаларына ерисиў ушын оқытыўшының, төмендегилерден ибарат болған, педагогикалық шеберлиги ең әҳмийетли роль ойнайды:

- гуманистлик педагогика принциплерин сөзсиз басшылыққа алыў;
- илимий-теориялық таярлығының жоқары дәрежеси;
- билимлендириў процесин шөлкемлестириўдиң усыллары ҳәм жолларын, оқыўшыларды көркем-дөретиўшилик искерликке қосыў ушын себеп келтириўдиң дүзилисин еркин ийелеў;

➢ жумыста көркемлик искерликтиң көп түрли формаларынан пайдаланыў;

➢ көркем өнерди изертлеўшилик таллаў методларын миннетли түрде меңгериў;

➢ жергиликли мәденияттың зәрүрли билимлерин билиў ҳәм оны билимлендириў процесине миннетли түрде қосыў;

➢ көркемлик билимлендириўдиң методологиясын түсиниў.

Сүўретлеў өнери бойынша сабақларды өтиўде тийкарғы дыққат оқыўшылардың дөретиўшилик мүмкиншиликлерин раўажландырыўға қаратылыўы тийис, сонлықтан оқыўшылардың шеберлигин асырыўда оқытыўдың интерактив формалары: ойынлар, тренинглер, шеберлик сабақлары, авторлық методикалар – әҳмийетли роль ойнайды. Усыған байланыслы методикалық таярлықтың мазмунына ҳәм шөлкемлестирилиўине жаңа қатнас зәрүр. Бул жерде тийкарғы идея, көркемлик-педагогикалық дөретиўшиликтиң келешегине бағдарланған кәсиплик-педагогикалық искерликти жойбарластырыў ҳәм моделлестириўдиң әмелий уқыплылықларын ҳәм көнликпелерин қәлиплестириў болып табылады.

Көркемлик билимлендириўдиң баслы мақсети оқыўшыларда өмирге эстетикалық қатнасты тәрбиялаў болып табылады. Ҳәм бул жерде ең баслысы, сөзсиз, төмендегилер болып табылады:

➢ өзин әтирaптағы шексиз дүньяның ажыралмас бөлеги деп сезиў;

➢ әтирaптағы дүньяда өзиниң даўам еттирилиўин көре алыў уқыбы;

➢ басқа адамға ҳәм де тутасы менен алғанда адамзат тарийхына ҳәм мәдениятына сөзсиз байланыслылық.

Атап айтқанда тап усы сыпатлар тәрбияның әдеп-икрамлылық, экологиялық, Ўатан сүйиўшилик ҳәм т.б. түрлери ушын беккем тийкар жаратады. Тап усы, әтирaптағы қоршап турған дүньяға эстетикалық қатнас көркем өнердиң, адамның дүньяны көркемлик өзлестириўиниң тийкары болып табылады ҳәм атап айтқанда тап усылар көркемлик пәнлерди оқытыў процесинде оқыўшыларда раўажландырылыўы тийис.

Оқыўшының санасында реаль ҳақыйқатлықты сәўлелендириўдиң қурамалы ҳәм көп қырлы, арнаўлы шөлкемлестирилетуғын процеси бола отырып, оқытыў билим бериўдиң оқытыўшы тәрепинен басқарылатуғын, өзине тән айрықша процесинен басқа нәрсе емес. Атап айтқанда тап сол, оқытыўшының ҳәрекетти бағдарлаўшы роли оқыўшылардың билимлерди, уқыплылықларды ҳәм көнликпелерди ийелеўин, олардың ақыллылық күшлериниң ҳәм дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўын тәмийинлейди [1:12].

Билим алыў искерлиги – бул сезим арқалы қабыл етиўдиң, теориялық ойлаўдың ҳәм әмелий искерликтиң бирлиги. Ол оқыўшылардың өмирдеги ҳәр бир адымында, искерлигиниң ҳәм социаллық өз ара қатнасларының барлық түрлеринде (ислеп шығарыўшылық ҳәм жәмийетлик пайдалы мийнет, қунлылықлы-бағдарланған ҳәм көркем-эстетикалық искерлик, қатнасық), ҳәм сондай-ақ оқыў процесиндеги ҳәр түрли пәнлик-әмелий ҳәрекетлерди (тәжирийбе өткериў, конструкциялаў ҳәм т.б.) орынлаў жолы менен иске асырылады. Бирақ оқыў процесинде билим алыў тек ғана адамға тән болған, айрықша оқыў-билим алыў искерлигиниң ямаса оқыўдың анық формасына ийе болады.

Оқытыў, қәлеген басқа процесс сыяқлы, ҳәрекет пенен байланыслы. Ол, және де бир пүтин педагогикалық процесс сыпатында ўазыйпалық дүзилиске ийе, сонлықтан ҳәрекет те, оқытыў процесинде оқыўшыны билим алыўдың жолы бойынша: билмеўден билиўге қарай, толық билмеўден әдеўир толық ҳәм анық билиўге қарай алға илгерилетип – бир оқыў мәселесин шешиўден екиншисине қарай жүреди. Оқытыў билимлерди, уқыплылықларды ҳәм көнликпелерди түсинбестен «бериўге» алып келинбейди, себеби оқытыў, онда педагоглар ҳәм оқыўшылар: оқытыў ҳәм оқыў – тығыз өз ара бирге ҳәрекет ететуғын, еки тәрепли процесс болып табылады. Ҳәм бул жерде, оқыўшының белсендилиги де сөзсиз ақырғы ролди ойнамайды. Белсендилик (оқыўдың, өзлестириўдиң, мазмунның ҳәм т.б.) оқыўшының оның искерлигиниң предмети менен «байланысының» дәрежесин белгилейди.

Белсендиликтиң дүзилисинде төмендеги қурам бөлеклер айырып көрсетиледи:

➢ өз бетинше искерликке умтылыў;

➢ тапсырмаларды орынлаўдың саналылығы;

➢ оқытыўдың үзликсизлиги;

➢ өзиниң жекке дәрежесин көретиўге умтылыў.

Оқытыў процесинде жәмәәтлик искерликтиң де роли кем емес, ол оқытыўшылардың арасында кең таралыўға ийе ҳәм оқыўшылардың өзлеринде де көркем дөретиўшиликке үлкен қызығыўшылық пайда етеди.

Жәмәәтлик сүўретлеў искерлиги, онда төмендеги ўазыйпаларды айырып көрсетиўге болатуғын, нәтийжели қатнас сыпатында қаралады:

➢ мағлыўматлы – билим бериўшилик ҳәм ең баслысы сезим арқалы қабыл етилетуғын мағлыўматлар менен алмасыў;

➢ байланыслы – мақлыўматты қабыл етиў ҳәм бериў;

➢ ылайықластырыўшы – сәйкесленгенлик ҳәм өз ара бирге ҳәрекет.

➢ раўажландырыўшы – оқыўшылардың жекке инсанлық сыпатларының өсиўи.

Ҳәм сонлықтан жәмәәтлик дөретиўшиликтиң өлшеў белгилери сыпатында төмендеги көрсеткишлерди көрсетиўге болады:

➢ улыўма мақсетлердиң ҳәм қызығыўшылықлардың саналы түсиниклилиги;

➢ ҳәр бир оқыўшының өзин өзи көрсетиўиниң ҳәм өзин өзи жүзеге шығарыўының жағдайларын шөлкемлестириў;

➢ исеним ҳәм өз ара бир биреўге жәрдем

➢ жекке инсанлық өз ара бирге ҳәрекет етиў менен қосылған басшылық етиў сыпатларды анықлаў.

Сүўретлеў өнери улыўма билимлендириў системасында үлкен әҳмийетке ийе болып, инсанның дөретиўшилик қәбилетин, пикирлеў қәбилетин, эстетикалық көзқарасын, мәдениятын раўажландырыўға хызмет етеди. Изертлеўлердиң көрсетиўинше, сүўретлеў өнери менен шуғылланыў өзин-өзи баҳалаў, мотивация, социаллық үйлесимлилик ҳәм өзин-өзи

сезиниўге унамлы тәсир көрсетеди. Сүўретлеў өнери улыўма билимлендириў системасының әҳмийетли бөлеги болып, оқыўшылардың ақылый, руўхый ҳәм социаллық раўажланыўына унамлы тәсир көрсетеди. Сүўретлеў өнери менен шуғылланыў дөретиўшилик пикирлеўдиң қәлиплесиўине, сын көзқарастан талқылаўдың раўажланыўына, эстетикалық талғам ҳәм мәденияттың раўажланыўына, шахстың раўажланыўына жәрдем береди.

**Жуўмақ.** Жоқарыда айтилғанларды есапқа алып, сондай жуўмаққа келиў мүмкин, сүўретлеў өнерине үйретиўдиң нәтийжеси көп жағынан оның мақсети, мазмуны ҳәм әмелге асырыў усылларын дурыс таңлаўға байланыслы. Сүўретлеў өнерине жемисли оқытыў тек ғана оның тәбиятына сәйкес келиўши нызамлардың, принциплердиң ҳәм қағыйдалардың тийкарында мүмкин болады. Сүўретлеў өнери оқытыўшысы оқыўшының жекке инсанлық дөретиўшилик мүмкиншилигиниң раўажланыўындағы әҳмийетли бөлек қыял етиўдиң раўажланыўы екенлигин ядта сақлаўы тийис. Бул оқыўшыларда искерликтиң бир түринен екиншисине өзгериў, қәлеген жағдайға бейимилесиў, қәлиплескен үлгидеги емес дөретиўшилик шешимлерди табыў уқыплылығын қәлиплестиреди. Дөретиўшилик искерликтиң ҳәр қыйлы түрлериниң ҳәм көркемлик ойлаўдың ҳәр түрли типлериниң өз ара байланысында қыял етиў ең нәтийжели раўажланады.

Бул процессте сабақлардың қоршап турған тәбият пенен, затлық дүнья, миллий мәдений қунлылықлар менен, оларды қабыл етиў, мәнисине жетип түсиниў ҳәм өзлестириў арқалы байланыстырылыўын бақлап барыў зәрүр. Бул қатнас, қыял етиўдиң жедел ислеўине жәрдем беретуғын ҳәр түрли инновациялық технологияларды қолланыў жағдайында мүмкин болады.

**Әдебиятлар**

1. Спирин Л.Ф., Шилик А.Д., Ушанов А.Ф. Теоретико-методологические основы общепедагогической подготовки студентов в университете: Альбом учебно-методических моделей. /Отв. за выпуск Л. С. Якимова. – Кострома: Изд-во КГУ имени Н.А.Некрасова, 2000. – С. 36.

**РЕЗЮМЕ.** Мақола замонавий таълим тизимида тасвирий санъатнинг ўрни масалаларига бағишланган. Шу муносабат билан замонавий таълим тизимидаги глобал ўзгаришлар, тасвирий санъатнинг ҳар томонлама ривожланиш жараёнида тутган ўрнига эътибор қаратамиз. Қолаверса, тасвирий санъат биз учун замонавий баркамол шахс, ҳар томонлама ривожланган, билимли, илғор, юксак ахлоқли, меҳнат қобилиятига эга, ҳаёт гўзаллигини яратишга интилиш ва англаш қобилиятига эга шахсни тарбиялашнинг асосий воситаларидан бири сифатида қаралади.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена вопросам роли изобразительного искусства в системе современного образования. В связи с этим мы уделяем внимание глобальным изменениям в современной системе образования и роли изобразительного искусства в общем процессе развития. Помимо изобразительное искусство рассматривается нами как одно из основных средств воспитания современной гармоничной личности, всесторонне развитого человека, образованного, прогрессивного, высоконравственного, обладающего умением трудиться, желанием творить и понимающего красоту жизни.

**SUMMARY.** The article is devoted to the issues of the role of fine arts in the system of modern education. In this regard, we pay attention to global changes in the modern system of education and the role of fine arts in the general process of development. In addition, fine arts are considered by us as one of the main means of educating a modern harmonious personality, a comprehensively developed person, educated, progressive, highly moral, with the ability to work, a desire to create and understanding the beauty of life.

# ТЕОРИЯ ФОРМИРОВАНИЯ И РАЗВИТИЯ БИОЛОГИЧЕСКИХ ПОНЯТИЙ

**У.О.Шарибаева –** *студентка*

**А.Ж.Турекеева –** *доктор философии по педагогическим наукам, доцент*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

**Таянч сўзлар:** тушунчаларни шакллантириш, жонли табиат, моддий ва идеал объектлар, ҳодисалар, қонуниятлар, асосий белгилар, тушунчалар.

**Ключевые слова:** формирование понятий, живой природы, материальные и идеальные объекты, явления, закономерности, основные признаки, понятия.

**Key words:** formation of concepts, living nature, material and ideal objects, phenomena, laws, basic features, concepts.

**Введение.** Вопросы формирования и развития понятий при обучении учащихся биологии всегда волновали методистов-исследователей и учителей. Известно, что понятия отражают процесс постоянного изменения и преобразования окружающей действительности, включая живую природу. Они также выражают явление углубления знаний о материальных и идеальных объектах, реализуя себя как средства их мысленного воспроизведения и построения.

Понятия выступают в качестве формы абстрактного мышления, фиксирующей существенные, а также главные признаки предметов, явлений и законов, согласно которым совершаются различные процессы. Следовательно, понятия одновременно рассматриваются как форма мышления, как объект познания окружающей действительности и как результат этого познания [1:44-45].

Школьную биологию с позиций ее содержания логично представлять как комплекс понятий, с помощью которых выражаются знания. Биологические знания в совокупности - это результат познания живой природы, который проверен общественно-исторической практикой. Общеобразовательное значение для учащихся имеют знания о живой природе в целом, структуре и функционировании различных ее объектов, направлениях, факторах и результатах эволюции, системе органического мира. Овладение ими — один из фактов становления у учащихся основ